

BAB III

METODEU PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab diébréhkeun ngeunaan métodeu panalungtikan anu ngawengku désain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.


3.1 Désain Panalungtikan

Désain mangrupa wangun rancangan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah anu patali jeung naon nu baris ditalungtik. Ieu desain digunakeun pikeun jadi acuan panalungtik sangkan panalungtikanana ngéntép seureuh. Désain panalungtikan raket patalina jeung pamarekan katut métodeu panalungtikan. Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif sabab objék panalungtikanana mangrupa wangun tinulis. Pamarekan kualitatif nyaéta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun maham kana fénoména ngeunaan naon-naon anu kaalaman ku subjék panalungtikan misalna paripolah, persépsi, motivasi, tindakan jsb, sacara holistik sarta ku cara déskripsi dina wangun kekecapan jeung basa, dina hiji kontéks anu husus nu alamiah ku cara ngamangpaatkeun métodeu alamiah (Moleong, 2012, kc. 6).

Métodeu déskriptif nurutkeun Arikunto (2013, kc.3) nétélakeun yén métodeu déskriptif mangrupa panalungtikan anu ngagambarkeun hiji hal, saperti kaayaan, kondisi, jeung hal-hal séjénna anu hasilna ditulis dina wangun laporan panalungtikan. Sedengkeun nurutkeun Nazir (2014, kc. 43) nétélakeun yén métodeu déskriptif nyaéta panalungtikan anu miboga tujuan pikeun ngadékrupsikeun, gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat, ngeunaan fakta-fakta, sipat-sipat sarta hubungan antar fenoma anu ditalungtik.

Dumasar rumusan masalah jeung tujuan, ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun ngaguar kumaha gaya basa anu aya dina album *Dalingding Asih*. Dina ngalaksanakeun panalungtikan, sangkan leuwih écés proses panalungtikan digambarkeun dina désain panalungtikan. Désain panalungtikan nyaéta rancangan anu dibagankeun dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data

Sumber data primer tina ieu panalungtikan nyaéta album pop Sunda *Dalingding Asih* Rika Rafika anu dirilis taun 2005 ku Whisnu Record. Sedengkeun sumber data sekundér anu ngadeudeulan ieu panalungtikan nyaéta aya sababaraha buku, jurnal, jeung skripsi. Dina album pop Sunda *Dalingding*

Asih Rika Rafikan hasil rilisan Whisnu Record téh aya 9 lagu jeung 1 *minus one*, nu di antarana:

1. *Tonggérét Deui* (Ubun R. Sah);

Tonggérét tonggérét tonggérét deui
Tonggérét tonggérét tonggérét maning
Tonggérét tonggérét tonggérét lagi
Tonggérét

Ini lagu kenangé dulu
Wis lawas ketemu kangen
Wis lawas ketemu kangen
Salangkung réré haté haté nyérédét
Salangkung teuteup karaos geugeut
Naha ayeuna kieu jadina
Bejakeun kuring pundung
Tonggérét kuring mah bingung

Kang ulah kitu akang ulah bendu
Abdi mah pasrah urang papisah
Kang ulah kitu akang ulah bendu
Sanajan abdi beurat duriat kedah papegat

2. *Layung Galunggung* (Uko H.);

Layung luhureun Galunggung
Marengan wanci sareupna

*Surya ngampih pabuburit
Pamit ka caangna beurang*

*Duaan waktu harita
Babarengan nyulam cinta
Bari pinuh pangharepan
Bagja pinuh tinekanan*

*Layung, luhureun Galunggung
Kunaon leungit teu pamit
Leungit teu pamit
Boa teuing cinta urang
Moal lana papanjangan*

*Layung, luhureun Galunggung
Undurna kawas nu pundung
Kawas nu pundung
Boa pasinina jangji
Kapupus moal ngajadi*

*Duaan waktu harita
Babarengan nyulam cinta
Bari pinuh pangharepan
Bagja pinuh tinekanan*

3. *Ah Duka* (Nano S.);

*Waktos harita
Ngajangjian dinten enjing
Urang tepang
Ieu haté ngawang ngawang
Ngacacang kumalayang*

*Naha leres naha leres
 Atanapi ukur tamba
 Dalit niat nu daria
 kedaling eusi haténa*

*Yakin pasiring kainggis
 Antara atoh jeung waswas
 Najan kenal mah tos lami
 Ilaharna
 Saliwatan miwanoh dirina
 Teu aya nanaon*

*Naha ayeuna karaos beda
 Sagalana ah duka
 Gerak tingkahna budi basana
 Siga siga ah duka*

*Pami leres maksudna ka lebah dinya
 Abdi bagja narima asih dirina
 Upama kembang kamelang
 ligar dina haté urang
 kawas kembang anu ligar
 Raketkeun asih kahéman
 urang siram ku duaan*

*Isuk jaganing pageto
 Isuk jaganing pageto
 Muga jadi carita
 Nu pinuh ku kaéndahan*

4. *Tungkusan Asih (Ki Ihin);**Mupusti tungkusan asih**Nagen anteng mayeng manteng**Mupusti tungkusan asih**Teu bosen bosen mikangen**Ngadongkang tungkusan rasa**Natar léngkah kacintana**Ngadongkang tungkusan rasa**Nohonan gupay katresna**Los ka tonggoh**Sono bae bogoh baé**Leut ka landeuh**Geugeut bae deudeuh baé**Di pengkolan jongjon ocon**Majah manjangkeun lalakon**Duuh kamelangna**Geuningan taya kendatna**Duuh kanyaahna**Geuningan taya sudana**Can panggih silih teangan**Natanyakeun**Mun can amprok Lenga lengo**Handeueuleun**Duuh kamelangna**Ngalangkang dina kaheman*

*Duuh kanyaahna
Ngalangkang dina rangkulan*

5. *Jangji Urang (Iik S.);*

*Cadu pundung haram ngejat
Sapanjang pageuh duriat
Tali asih moal pegat
Urang moal pada ngejat
Moal ngejat*

*Gurat bumi urang sumpah
Satungtung pada mikanyaah
Moal incah balilahan
Arek silih pikaheman
Pikaheman*

*Urang ingkeun ieu-ieu ieu
Sirung pucuk kadeudeuh
Urang ipuk ieu-ieu ieu
Binih kaasih
Sing ngajadi dina ati
Ngakar dina sanubari*

*Urang siram ieu –ieu ieu
Cinta ku kaheman
Urang petik ieu-ieu
Buah cinta kuduaan
Pait amis duh cinta urang
Purakeun urang duaan*

6. *Tagiwur Haté (Nano S.);*

*Ti kawit urang patepang
 Haté nyantel kamelang
 Pikiran kumalayang
 Sering kabayang-kabayang*

*Harita waktos patuyun
 Karaos hate deg-degan
 Ngadadak paranas tiris
 Seueur anu karaos*

*Kunaon tagiwur hate
 Mikangeun sok émut baé
 Kabandang rasa simpati
 Nu éndah jeroning ati*

*Kunaon kokolébatan
 Micangcam pinuh kakangen
 Harepan patepang deui
 Ngantebkeun jangji pasini*

7. *Dalingding Asih (Ubun R. Sah);*

*Dalingding asih nu kuring
 Dalingding asih nu urang
 Ngalangkang, ngalangkang galeuh lamunan
 Ngagalindeng tembang tilam kamelang*

*Basa kuring arek miang
 Anjeun jajap ngahaleuang
 Lawung patarema gandrung
 Geter rasa cumarita
 Duh kudu paanggang*

*Dalingding asih jatining asih
 Jadi angkeuhan urang duaan
 Di pengkolan urang pisah
 Rét katukang sumoréang*

*Dalingding, ngageuri diri
 Sorana kantong harewos
 Hawar-hawar ngajauhan
 Teuteup geugeut lir gugupay
 Duh tembong deui gupay deui*

8. *Lara Batin* (Hendi AF);

*Kamana duh panutan
 Lawas dianti henteu nembongan
 Kamana duh jungjunan
 Nusasari haripeut nepangan*

*Iraha duh panutan
 Urang patarema duduaan
 Iraha duh jungjunan
 Natrat teu pegat pegat duriat pasini ngahiji*

*Duh aduh aduh engkang
 Enggal geura mulang
 Angkat teh kamalinaan
 Pan engkang kedal jangji
 Rek tigin teteup saati
 Moal udar lanca linci*

Duh aduh aduh engkang

*Kade engkang lali
Bade bela tur satia
Naha buktosna jalir
Engkang teu satuhu
Ku teungteuingeun*

*Naon atuh lepat abdi
Naon atuh dosa abdi
Bagja diri laki rabi
Salamina Lara batin*

9. *Lepat Saha* (Ega Robot & C. Ar);

*Kang lepat saha
Kang da lepat saha
Waktos tepang harita henteu balaka
Kang ku teu sangka
Kang ku teu nyana
Tepang deui ayeuna pada miboga*

*Asih urang cinta urang mawa bagja
Ngan hanjakal harepan ilang sirna*

*Rasa sono ngagalura jero dada
Deudeuh engkang
Ka tresna lepat mangsana
Moal moal moal ka goda
Wio wios jadi carita
Najan cinta henteu ngajadi
Asih urang langgeng abadi*

Moal moal moal ka goda

Wios wios jadi carita
Najan cinta henteu ngajadi
Asih urang langgeng abadi

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat bantu atawa fasilitas anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang dipigawéna jeung leuwih hadé (Arikunto, 2013, kc. 203). Ku kituna, instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data dieusi ku informasi ngeunaan (1) nomor; (2) rumpaka lagu; (3) wanda gaya basa; (4) kode anu eusina singgetan lagu, bait, jeung baris.

Tabél 3.1

Conto Kartu Data Gaya Basa

Nomor	Rumpaka	Wanda	Kode
1.	Pamit ka caangna beurang	Gaya basa Mijalma	(LG/4/1)

Tabél 3.2

Contoh Kartu Data Jumlah Gaya Basa

Gaya Basa Ngupamakeun	50	50%
Gaya Basa Lalandian	25	25%
Gaya Basa Mijalma	10	10%
Gaya Basa Rarahulan	15	15%

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data digunakeun pikeun ngumpulkeun data. Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu paling stratégis dina panalungtikan, sabab tujuan utama tina panalungtikan nyaéta pikeun meunangkeun data. Teu mikanyaho kana téhnik ngumpulkeun data, hartina panalungtik henteu bisa meunangkeun data anu nyumponan standar data anu ditetepkeun. (Sugiyono, 2014, kc. 224)

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data gaya basa anu aya dina sumber data, nyaéta album *Dalingding Asih*.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data diantarana saperti ieu di handap:

1. Maca rumpaka lagu anu aya dina album *Dalingding Asih*.
2. Nandaan dina bait-bait nu ngandung gaya basa; jeung
3. Nyalin kalimah atawa kecap nu ngandung gaya basa kana kartu data.

3.4 Analisis Data

Téhnik ngolah data atawa analisis data nyaéta ngelompokkeun, nyieun hiji runtuyan, ngamanipulasi, sarta nyinggetkeun data sangkan babari dibacana (Nazir, 2014, kc. 315). Nganalisis data dibeunangkeun ku cara ngagunakeun rumus-rumus atawa atura-aturan nu tangtu, dumasar kana pamarekan panalungtikan atawa desain panalungtikan nu dipaké ku panalungtik. (Arikunto, 2013, kc. 281)

Sedengkeun Bogdan & Biklen dina Moleong (2012, kc 248)) nétélakeun analisis data nyaéta upaya anu dilakukeun ku cara ngolah data, ngaorganisasikeun data, milah-milah jadi data anu bisa dikelola, ngasintésiskeunana, néangan jeung manggihan pola, manggihan naon anu penting jeung naon anu dipaluruh, jeung nangtukeun naon anu bisa dicaritakeun ka balaréa.

Dumasar kana pamadegan-pamadegan di luhur ngeunaan analisis data, nyindekkeun yén analisis data téh mangrupa proses ngariksa data jeung ngolah data kana katégori jeung pola pikeun maksud méré solusi masalah-masalah anu pakait jeung panalungtikan.

Data anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta gaya basa anu aya dina album *Dalingding Asih* Rika Rafika. Éta data téh diolah ngaliwatan téhnik analisis unsur langsung, anu léngkah-léngkahna saperti ieu di handap:

- 1) Niténan deui data anu geus dikumpulkeun;
- 2) Nyieun papasingan data;
- 3) Nganalisis papasingan gaya basa;
- 4) Ngadéskripsikeun ma'na gaya basa; jeung
- 5) Nyieun kacindekkan ngeunaan gaya basa dina album *Dalingding Asih*.